



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV LEAN ETA NEW YORK RANPÓTE PRI  
KOMISYON BIDJÈ SITWAYEN POU INOVASYON SÈVIS PIBLIK**

***Yo bay pri CBC chak ane pou inovasyon ki gen siksè ke yo rekonèt nan livrezon sèvis piblik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inisyativ Lean Eta New York te resewva Prim Komisyon Bidjè 2016 pou inovasyon Sèvis Piblik. Inisyativ Lean nan se yon patenarya piblik prive ki fèt pou rann gouvènman an vin pi efikas ak antouzyas, sa ki te gen yon gwo enpak depi kreyasyon l nan fen 2013. Yo bay pri CBC chak ane pou inovasyon –nan ane altène pou swa yon ajans nan Eta New York oswa Vil New York – pou rekonèt ak ankouraje inovasyon ki gen siksè nan livrezon sèvis piblik yo. Yap prezante pri a nan dine anyèl CBC nan Jedi 7 Avril.

“Administrasyon nou an ap delivre sou pwomès li pou amelyore sèvis gouvènman epi redwi depans pou kontribyab yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Nou te relve nivo a akòz ke nou te pote yon mantalite sektè prive nan sektè sèvis piblik la, e mwen aplodi plizyè milye travayè yo nan eta ki te ede nou bati yon Eta New York ki pi efikas, ak pi efisyen.”

Lean se yon zouti pwosesis amelyorasyon ki enspire pa fabrikasyon sektè prive yo pou senplifye operasyon yo. Orijanman Toyota te rann li popilè, jodia preske chak konpayi Fortune 100 gen yon pwogram Lean oswa Lean Six Sigma. Gouvènè Cuomo te enpleman pwogram lan nan Eta New York nan 2013 nan sijesyon Komisyon Depans ak Efikasite Gouvènman an (SAGE). Lean angaje travayè eta ki nan pozisyon prensipal pou amelyore pwòp pwosesis yo pou retire etap ki pa nesesè ak senplifye sèvis gouvènman yo, olye ke yo itilize konsiltan eksteryè ki koute chè.

**Prezidan CBC Carol Kellermann te deklare**, “Eta New York merite rekonesans sa paske li anbrase ak pwopaje Inisyativ Lean li a. Lean te bay ekonomi enpòtan ak amelyorasyon sèvis ki benefisye kontribyab yo, e li genyen pwomès ki menm pi gran pou plis ekspansyon gouvènman eta nan teknik jesyon sa yo ki enpòtan.”

**Inisyativ Lean Eta New York:**

Depi lansman pwogram lan nan 2013, New York te vini yon lidè ak inovatè nan adapte ak aplike prensip Lean nan aktivite gouvènman an. Lean te fasilite amelyorasyon pèfòmans nan ajans Eta yo malgre yon diminisyon 1 pousan nan travay Eta. Li te ede

kenbe mwayèn kwasans depans nan operasyon ajans lan a 1 pousan chak ane e li te ede reyalize barèm kwasans depans Gouvènè a de pousan chak ane. Nan 2013, eta te fè dis pwojè pilòt nan itilize Lean. Jodia pwogram nan gen ladan preske 400 pwojè nan 38 ajans avèk plis pase 8,500 travayè eta yo kap patisipe.

Pwojè Lean yo konsantre nan ajans eta yo ak pwosesis avèk yon atansyon sou youn oswa twa tèm komen. Anpil pwojè santre sou ajans yo epi tretre avèk pi gwo entè-aksyon avèk piblik la.

- Depi enplemantasyon inisyativ la, Depatman Motè Veyikil te redwi mwayèn tan datant nan biwo a pou anrejistre yon veyikil ke yo achte atravè lavant okazyonèl de 60 minit pou rive a 39 minit e, nan biwo pilòt ke yo chwazi, pou jwenn yon pèmi pou aprann kondwi li soti nan 172 minit pou rive nan 45.
- Lean te kontribye tou nan redwi tan datant biwo nan DMV pa plis pase 50 pousan mwayèn.

Pwojè Lean yo te ede senplifye ak akselere lisans, pèmi, ak anrejistremant de milyon biznis nan Eta New York ak 800,000 moun ki gen lisans pou pratike. Fonksyon sa yo ki pase pa plizyè ajans, te gen sik tan yo diminye pa apeprè mwatye an mwayèn.

- Depatman Eta te redwi tan tretman lisans pou koutye imobilye ansanm avèk ajan yo soti de 20 jou pou rive a 4 jou.
- Depatman Sante te redwi tan pou yon founisè sante jwenn apwobasyon pou yon nouvo etablisman. Tan ki nesèsè pou trete yon sètifika bezwen te tonbe nan nivo mwayen de 157 jou pou rive a 100; yon sètifika operasyonèl de yon mwayèn 137 jou pou rive a 31.

Lean te ogmante reyaksyon jeneral pou piblik la pou sèten sèvis gouvènmantal enpòtan enkli pwosesis reklamasyon benefis, planifye odyans, epi ankete sou swadizan mekanste.

- Depatman Travay te redwi reta l nan ripti demann reklamasyon pou asirans chomaj pa 77-pousan epi double pwodiktivite, rakousi tan pou re-entegrasyon soti nan 42 jou pou rive nan mwens pase 10.

Yon eleman prensipal nan pwogram lan te ogmante sipò pro bono bò kote patnè kòporasyon klas mondyal li yo, enkli Toyota, Xerox, ak GE, yo te kontribye pwòp espesyalizasyon Lean yo pou fòme, antrene, ak edike travayè Eta New York yo. Yo te devlope amelyorasyon yo pandan atelye travay konsantre kote anlwaye ki nan pozisyon devan yo redesine yon pwosesis.

**Gregory North, Chèf Direksyon Pwosesis, Xerox Corporation, te deklare,** “Nan kòmansman, lidèchip ajans la ansanm avèk pèsonèl la te kontan pou yo adopte Lean. Objektif Lean se pou amelyore pwosesis la kidonk eta ka bay pi bon sèvis pou sitwayen li yo. Travay ansanm, nou te anmezi pou fè sa.”

**Jamie Bonini, Vis Prezidan, Sant Sipò Sistèm Pwodiksyon Toyota (TSSC) te deklare,** “Eta New York te vini rapidman yon lidè nan enspire yon kilti amelyorasyon

kontinyèl avèk anplwaye yo kap aplike nouvo refleksyon pou pi byen sèvi moun New York.”

Eta kounye a ap eksplòre nouvo limit nan pwogram Lean li a, enkli posibilite pou pilote Lean avèk lòt antite eta yo, gouvènman lokal, ansanm avèk lòt benefisyè finansman (menm jan avèk fason Toyota ak GE travay avèk kliyan yo ansanm avèk founisè yo pou senplifye pwòp operasyon yo).

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418